दिन–गुरूवार दिनांक–05.12.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधान परिषदक तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक उपचुनाव के लेल कड़गर सुरक्षा व्यवस्था के मध्य मतदान सम्पन्न भऽ गेल। राज्य निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सैंतालीस दशमलव पाँच प्रतिशत मतदाता लोकनि अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। निर्वाचन विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार मतदानक दरमियान कतहुं सँ अप्रिय घटना हेबाक संवाद नहि अछि। उपचुनाव मे कुल अठारह उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। एहि मे जदयूक अभिषेक झा, राजदक गोपी किशन आ जनसुराज के विनायक गौतम प्रमुख छथि। मतक गिनती नओ दिसम्बर के होयत।

---

आकांक्षी जिला कार्यक्रमक अंतर्गत मुजफ्फरपुर जिला के स्वास्थ्य, पोषण आ कृषि के क्षेत्र मे उत्कृष्ट प्रदर्शन के लेल देशभरि मे पहिल स्थान भेटल अछि। नीति आयोग द्वारा अप्रील सँ नवम्बर मास धरिक जारी श्रेणी मे जिला के वित्तीय समावेशन मे तेसर स्थान भेटल अछि। ओतहि, बेगूसराय जिला के शिक्षा के क्षेत्र मे उत्कृष्ट काज करबाक लेल अगस्त मास मे देशभरि मे पहिल स्थान भेटल अछि।

---

प्रदेशक सरकारी अस्पताल सभ मे इलाज कराबऽ बला नवासी प्रतिशत मरीज लोकनिक भव्या पोर्टल पर हेल्थ रिकॉर्ड तैयार कऽ लेल गेल अछि। स्वास्थ्य विभाग द्वारा जारी रिपोर्टक अनुसार मरीज लोकनिक हेल्थ कार्ड तैयार करबा मे मुंगेर जिला पहिल स्थान पर अछि। ओतहि, भागलपुर दोसर आ बांका जिला तेसर स्थान पर अछि।

---

नगर विकास आ आवास मंत्री नितिन नवीन कहलनि अछि जे पटना मेट्रो के पहिल चरणक अंतर्गत मेट्रो ट्रेनक परिचालन अगिला वर्ष पन्द्रह अगस्त सँ पहिनहि शुरू भऽ जायत। श्री नवीन आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत ई जनतब देलनि।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालय सहित प्रदेशक सभ अदालत मे चौदह दिसम्बर के राष्ट्रीय लोक अदालत के आयोजन कयल जायत। लोक अदालत मे आपस मे सहमति के आधार पर विभिन्न प्रकारक दीवानी आ किछु फौजदारी मामिला के निबटारा कयल जायत।

———————————————————————

आइ विश्व मृदा दिवस अछि। विश्व खाद्य आ कृषि संगठन खेती मे माटिक महत्व के दिस ध्यान आकृष्ट करबाक लेल एहि दिवसक घोषणा कयलक अछि। एहि अवसर पर पटना के बामेती सभागार मे विशेष कार्यक्रमक आयोजनक कयल गेल। कार्यक्रम के सम्बोधित करैत कृषि मंत्री मंगल पांडेय कहलनि जे सरकार किसान लोकनि के माटिक जाँच कराकऽ उर्वरक के उपयोग करबाक लेल प्रोत्साहन दऽ रहल अछि। ओ किसान लोकनि सँ खेत मे पुआर नहि जरेबाक अपील कयलनि। एहि अवसर पर प्रदेशक सभ पंचायत मे मृदा स्वास्थ्य कार्डक वितरण कयल जा रहल अछि आ माटिक स्वास्थ्य के प्रति किसान लोकनि के जागरूक करबाक लेल कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे पछिला वर्ष नवम्बर मासक तुलना मे एहि वर्ष नवम्बर मास मे बारह प्रतिशत बेसी जीएसटी के संग्रह भेल अछि। वाणिज्यकर विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार नवम्बर मास मे एक हजार पाँच सय एकसठि करोड़ टाका संग्रह कयल गेल अंछि। जे पछिला वर्ष एहि अवधि के तुलना मे एक सय तिहत्तरि करोड़ टाका बेसी अछि।

———————————————————————

पछुवा हवाक गति तेज भेला सँ प्रदेशक बेसीतर भाग मे ठंढ़ा बढ़ि गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला अड़तालीस घंटा मे न्यूनतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के कमी होयत। उच्चतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। भोरक समय हल्का सँ मध्यम स्तर के कुहेस लागल रहत। मौसम विभाग कहलक अछि जे आठ दिसम्बर के राज्यक दक्षिणी हिस्सा मे जखनकि नओ दिसम्बर के राज्यक उत्तर–पूर्वी आ दक्षिणी भाग मे किछु ठाम हल्का वर्षा हेबाक संभावना अछि।

————————————————————————

अल्पसंख्यक कलयाण मंत्री जमा खान आइ दरभंगा जिलाक केवटी के असराहा खिरमा मे अल्प संख्यक आवासीय विद्यालय के उद्‌घाटन कयलनि।

————————————————————————

सुपौलक त्रिवेणीगंज थाना के स्थानीय लोक सभ घेराव कऽ पत्थरबाजी कयलक। हमर संवाददाता जनौलनि जे लोकसभ थानाध्यक्ष पर घूस लऽकऽ काज करबाक आरोप लगबैत उग्र प्रदर्शन कयलनि।

————————————————————————

पटनाक चर्चित जेठुली कांडक मुख्य आरोपी उमेश राय के पुलिस भारत–नेपाल सीमा सँ गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। उमेश राय पर पार्किंग विवाद के लऽकऽ पचास राउंड सँ बेसी गोली चलबेबाक आरोप अछि। गोलीबारी के एहि घटना मे तीन गोटे के मृत्यु भऽ गेल छल जखनकि दू आन गोटा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेल छलाह।

————————————————————————

मुजफ्फरपुर जिलाक सदर थाना क्षेत्रक पताही गामक हरि टोला मे आपसी विवाद मे असामाजिक तत्व सभ माँ–बेटा के गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। पुलिस आरोपी सभक गिरफ्तारी के लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

————————————————————————

सुपौलक त्रिवेणीगंज मे रतनजोत पौधा के बीज खयबा सँ एकैस बच्चा बीमार भऽ गेल। सभ बच्चा के स्थानीय अनुमंडलीय अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल। सभ बच्चा खतरा सँ बाहर जनाओल गेल अछि।

———————————————————————

सुपौल के त्रिवेणीगंज थाना के स्थानीय लोक सभ घेराव कऽ पत्थरबाजी कयलनि। हमर संवाददाता जनौलनि जे लोकसभ थानाध्यक्ष पर घूस लऽकऽ काज करबाक आरोप लगबैत उग्र प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————————

समाप्त